



PWOJÈ RANPLASMAN PON SIPERYÈ WILLIAM REID LA REYINYON ENFÒMASYON PIBLIK VITYÈL

Kisa k ap pase?

Objektif reyinyon enfòmasyon piblik vityèl sa a se pou bay manm kominote Cambridge yon chans pou yo pi byen konpranm pwojè MassDOT genyen pou li ranplase Pon William Reid la, wonpwen ki fòme kafou ki konekte Memorial Drive, Brookline Street ak Boston University Bridge, ansanm ak pon ki kenbe Memorial Drive sou Wout Ray Grand Junction lan.

Pon Siperyè Reid la, menm si li toujou san danje pou tout moun, rive nan fen tan itilite l epi yo dwe ranplase l. Ranplasman pon siperyè a bay MassDOT ak kominote a yon chans pou yo revize fason kafou Memorial Drive, Brookline Street ak Boston University Bridge fonksyone. Sa a ap rann zòn nan vin pi an sekirite pou tout moun, sa a ap amelyore pasaj pou moun ki sou bisiklèt ak pyeton, epi lè sa a posib l ap konbine enfrastrikti transpò pou li ka kreye plis espas vèt kote moun ka ale fasil.

Kijan sa a ap afekte w?

MassDOT ap analize plizyè opsyon posib pou rezoud pwoblèm Pon Siperyè Reid la epi pou chanje epi amelyore kafou ki anba li a. Tout opsyon yo bay amelyorasyon sou wonpwen ki genyen kounye a ki deja fin depase tan itilite l epi ki pa fonksyone byen pou tout kalite mwayen transpò, men chak opsyon yo amelyore sityasyon an nan diferan fason: gen kèk ki gen yon nouvo pon, epi gen lòt kote Memorial Drive travèse Brookline Street sou menm nivo a. Yo ankouraje tout moun ki enterese pou yo patisipe nan reyinyon vityèl sa a pou yo aprann plis sou diferan lòt bagay ki ka fèt yo, pou yo poze kesyon, epi pou yo bay opinyon ki ap ede MassDOT kontinye amelyore opsyon yo pou yo rezoud pwoblèm Pon Siperyè Reid la epi rekonstwi entèseksyon Memorial Drive ak Brookline Street pou li kapab resevwa tout kalite mwayen depasman san danje.

Kilè

MADI 6 JANVYE 2026 6:30 PM pou
rive 8:30 PM

Patisipe

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Pou MassDOT asire ou ka toujou patisipe nan reyinyon li yo, li bay sèvis sa yo nan yon fason ki rezonab: tradiksyon, sèvis entèprèt, modifikasyon, aranjman, lòt kalite fòma, ak lòt èd ak sèvis sipò. Pou ou mande sèvis sa yo, tanpri kontakte Chèf Divèsite a ak Responsab Dwa Sivil MassDOT la nan 857-368-8580 oswa voye yon imel nan MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou MassDOT ka gen ase tan pou li trete kalite demann sa yo, tanpri fè demann yo pi bonè posib, li ta pi bon 10 a 15 jou anvan evènman an.

Pou kesyon sou pwojè a yo, ou ka voye yon imel tou bay : massdotmajorprojects@dot.state.ma.us

Tanpri soumèt nenpòt deklarasyon alekri konsènan sa yo pwopoze a bay: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: MAJOR PROJECTS PROJECT FILE NO. 611987**